



Gid pou founisè swen sante yo konsènan aksè nan swen sante pou pasyan imigre yo

Aout 2025

Antanke yon founisè swen sante oswa yon pasyan nan New York, ou ka gen enkyetid sou enpak politik imigrasyon federal la sou fason founisè yo bay swen sante ak aksè pasyan yo nan swen sante. Pou egzanp, dènye dekrè egzekitif yo menase finansman pou founisè ki sèvi pasyan imigre yo (pou egzanp, Dekrè Egzekitif 14218, 19 fevriye 2025 lan: <https://www.whitehouse.gov/presidential-actions/2025/02/ending-taxpayer-subsidization-of-open-borders>).

Lalwa New York:

- » pwoteje aksè pasyan yo nan swen sante, kèlkeswa estati imigrasyon yo
- » egzije pou founisè swen sante yo pran sèten mezi pou pwoteje konfidansyalite pasyan yo

Nou elabore gid sa a pou klarifye dwa ak obligasyon ou yo, kit ou se yon founisè oswa yon pasyan.

Antanke yon founisè swen sante, èske mwen dwe verifye estati imigrasyon oswa sitwayènte yon pasyan?

Non.

Founisè swen sante nan Eta New York pa legalman oblije kolekte oswa divilge enfòmasyon sou estati imigrasyon oswa sitwayènte yon pasyan.

Founisè yo pa ka refize swen ki baze sou estati imigrasyon oswa sitwayènte.

Yon pasyan ka oblije divilge estati imigrasyon li pou l kapab resevwa sèten avantaj, tankou asirans sante gouvènman an finanse. Sepandan, aplikasyon pou pwogram sa yo se **volontè**.

Si w se yon founisè, kolekte epi konsève sèlman enfòmasyon imigrasyon oswa sitwayènte ou bezwen pou trete pasyan an. Konsilte politik ak pwosedi òganizasyon ou an konsènan koleksyon ak divilgasyon nenpòt enfòmasyon pasyan yo.

Èske founisè swen sante yo oblije bay fòs lòd yo enfòmasyon sou yon pasyan?

Nenpòt enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ou genyen antanke founisè swen sante pwoteje anba lwa federal ak eta a sou konfidansyalite, tankou Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA). Antanke founisè, ou:

- » dwe pwoteje PHI yo kèlkeswa estati imigrasyon, viza, oswa rezidans yon pasyan.
- » pa ka pataje PHI yo ak fòs lòd yo, tankou ICE, eksepte nan sèten sikonstans limite.

Si, antanke founisè, ou dwe divilge enfòmasyon pwoteje (PHI) yon pasyan, ou dwe premyeman konfòme w avèk egzijans konfidansyalite federal ak eta yo ki aplike nan sitiyasyon espesifik ou a. Revize politik ak pwosedi entèn òganizasyon w lan. Sa yo ka enkli egzijans pou fòs lòd yo jwenn yon òdonans tribinal, yon manda, yon sitasyon, oswa yon somasyon. Egzijans sa yo ka ede pwoteje vi prive pasyan an.

Remak: Li rekòmande pou ou pa kesyone yon pasyan sou estati imigrasyon li sof si lalwa egzije sa. Menm si òganizasyon w lan egzije w fè sa, evite rapòte estati imigrasyon pasyan yo nan dosye medikal yo ak fakti yo.

Antanke founisè swen sante, èske mwen ka diskite sou dwa imigre yo ak pasyan yo pou edike yo?

Wi. Antanke founisè swen sante, ou gen otorizasyon pou enfòmasyon pasyan yo sou dwa legal yo. Pou egzanp, ou ka pibliye enfòmasyon sou dwa yo, epi òganize seyans enfòmasyon. Sepandan, anvan ou angaje w nan oswa finanse kalite aktivite sa a, verifiye si gen restriksyon sou lajan ou ka itilize pou mennen aktivite sa a. Pou egzanp, ka gen restriksyon sou sibvansyon ki finanse sèten pwojè oswa pwogram. Konsilte yon konseye legal anvan ou bay kalite enfòmasyon sa a epi asire w ou pa bay konsèy jiridik.

Ki jan etablisman swen sante mwen an ta dwe prepare pou fè fas ak ICE?

Anvizaje adopte politik ak pwosedi konplè konsènan aktivite fòs lòd yo, tankou operasyon kontwòl imigrasyon ICE fè oswa lòt ajans federal yo fè.

Pou kòmanse, asire w:

- » Pa gen okenn enfòmasyon sansib alekri ki **vizib** nan espas piblik yo.
- » Pa gen okenn konvèsasyon sou enfòmasyon sa yo ki **fasil pou moun tande**.

Ki sa mwen ta dwe fè si mwen remake yon vyolasyon dwa ki dekri nan paj wèb sa a?

Depoze yon plent nan youn nan fason sa yo:

- » Rele Liy Èd Telefòn pou Swen Sante New York la nan 1-800-428-9071.
- » Depoze yon plent nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la (<https://ag.ny.gov/file-complaint/health-care>).

Pou plis enfòmasyon, konsilte Gid Konjwen Biwo Gouvènè a ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la pou Òganizasyon ak Antite Prive ak ki Pa Fè Pwofi yo (<https://ag.ny.gov/resources/individuals/immigrants-rights/private-non-profit-organization-guidance>).